# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–28 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

मौनी अमौसा पर प्रयागराज महाकुंभ नगर में बिहने होखे वाले अमृत नहान क तैइयारी पूरा कइ लिहल गइल हौ। ओहवां ढेरे तादादि में सरधालु लोगिन क आवल जारी बा। प्रदेस सरकार महाकुंभ इलाका के **विशिष्ट अतिथि रहित जोन** घोषित कई देहले हौ। पुलिस महानिरीक्षक पीएसी प्रयागराज क प्रभारी राजीव नारायण मिसीर हमरे संवाददाता के बतउलन की सरधालुअन के सुरक्षा बदे कडेर इतिजांम कइल गइल हौ।

***मौनी अमावस्या का पर्व और आगे जितने भी आसन्न पर्व हैं उनमें उनमे सुरक्षा के पुख्ता इंतजाम किये गये हैं। पीएसी बल को बहुत सारे साधन संसाधन उत्तर प्रदेश सरकार से माननीय योगी जी के निर्देश के क्रम में प्राप्त हुए हैं। जिसमें की पहली बार हम लोग बात करते हैं तो अंडर वाटर ड्रोन हम लोग प्रयोग कर रहे हैं। महाकुंभ में इससे पहले कभी इसका प्रयोग नहीं हुआ है।***

मेला इलाका में पचास हजार से बेसी पुलिसकर्मी आ अर्धसैनिक बलन के तैनात कइल गइल हौ। तिनि हजार सीसी टीवी कैमरा लगावल गइल हवें। जेहमें तिनि सौ अठाइस आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस वाला कैमरा सामिल हवें। प्रदेस सरकार के हिसाबि से महाकुंभ में तेरह जनौरी से लेके आजु ले करीब पनरह करोड़ से बेसी सरधालु आके पावन संगम में नहान कइ चुकल हवें। मौनी अमौसा पर बिहने नौ से दस करोड़ सरधलुअन के अइले क संभावना हौ।

**********

गणतंत्र दिवस के मौका पर नई दिल्ली कै कर्तव्य पथ पर निकारल गइल उत्तर प्रदेस क झांकी पीपुल्स च्वाइस अवार्ड कटेगरी में पहिला जगही हासिल कइले हौ। महाकुंभ दुई हजार पचीस से जुड़ल प्रदेस के झांकी के चालीस फीसदी ओट मिलल। दूसरका जगही पर गुजरात क झांकी रहल जेके पैतीस फीसदी ओट मिलल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ कै इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में आयोजित उत्तर प्रदेस एग्रीकल्चर ग्रोथ एंड एंटरप्राइज इकोसिस्टम स्ट्रेंथनिंग–यूपी एग्रीज प्रोजेक्ट क सुरूआत कइलें। येह मौका पर ऊहां के कहलीं क विस्व बैंक के सहजोग वाली ई परियोजना चारि हजार करोड़ रूपिया क हौ। एकरे पहिले चरण में यूपी क आठ कमिश्नरी कै अट्ठाइस जिला चुनल गइल हवे।

**********

केन्द्रीय विज्ञान प्रौद्योगिकी अउर पृथ्वी विज्ञान मंत्री डाक्टर जितेन्द्र सिंह आजु लखनऊ में वैज्ञानिक आ औद्योगिक अनुसंधान परिषद–भारतीय विष विज्ञान अनुसंधान संस्थान –सीएसआईआर–आईआईटीआर कै हीरक जयंती समारोह क सुरूआत कइलीं। येह मौका पर ऊहां के संस्थान से जुड़ल एगो डाक टिकटों जारी कइलिन। समारोह में केन्द्रीय मंत्री कहलन कि ई संस्थान कै अबले क जतरा बहुतै गौरवपूर्ण रहल हौ आ ई अपने काम काज से पूरा विस्व में प्रसिद्ध हौ।

**********

प्रदेस कै बागपत जिला क बड़ौत में अस्थायी मंच गिरले आ ओकरे बादे मचल भगदड़ में करीब सात जनि के मउति हो गइल हौ। हादसा में चालीस से बेसी जने घाही हो गइलें। ई हादसा ओह समय भइल जब जैन धरम क पहिला तीर्थंकर भगवान आदिनाथ कै निर्वाण लाडू परब के मौका पर सरधालु धारमिक समारोह में हिस्सा लेवे बदे मंच पर चढ़त रहलें। बागपत क जिलाधिकारी अस्मिता लाल बतउलिन कि घाही लोगिन के अलगि–अलगि अस्पतालन में भरती करावल गइल हौ।

***आज जैन समाज का एक कार्यक्रम था बड़ौत में सिक्वल स्कूल में जो पिछले तीस सालों से हर साल होता है। और यहां पर एक वूडेन स्ट्रक्चर था जो कोलैप्स हो गया, अराउंड चालीस लोग हैं जो घायल हुए हैं। और उन सभी को 108 एम्बुलेंस जो ससमय मौके पर वहां पर पहुंच गई थी, सबको हॉस्पिटल पहुंचा दिया गया है। और बीस लोगों का प्रथम उपचार करके उनको घर भेज दिया गया है। बाकी बीस लोगों का उपचार अभी चल रहा है।***

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अधिकरियन के राहति के कार में तेजी लवले आ घाही लोगिन के पूरहर उपचारि क निरदेस दिहले हवें।

**********

देउरिया जिला के महुआडीह थान्हा इलाका के हेतिमपुर के लग्गे काल्हि देर रात क एगो मोटरसाइकिल के ट्रके से लड़ि गईले के नाते मोटरसाइकिल सवार चारी गो नौजवानन क मउत हो गइल। चारो जने एगो समारोह से लवटत रहले।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में अगिला तीनि दिन ले कुहेसा क चेतावनी दिहले हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग क पूर्वानुमान के देखत कुशीनगर कै जिलाधिकारी कक्षा एक से नौ तक ले क सज्जो स्कूलन में बिहने अउर तीस जनवरी के सिक्षण कार बन्न रखले क आदेस दिहले हवें।

**********